



Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI OTORIZE KOPERATIV KREDI YO PATISIPE NAN PWOGRAM DEPO KI KONEKTE EXCELSIOR LA

Lejislasyon (S.191/A.5459) otorize koperativ kredi yo patisipe nan pwogram Depo Konekte Excelsior la pou ede moun k ap prete lajan yo jwenn yon to finansman ki redui sou prè yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.191/A.5459) ki otorize koperativ kredi yo pou patisipe nan Depo Konekte Excelsior (Excelsior Linked Deposit). Nan 35 ane pase yo pandan New York te chanje soti nan yon ekonomi fabrikasyon pou pase nan yon ekonomi sèvis, kèk nan pi gwo konpayi yo nan eta a te redui efektif yo, sa ki te fòse anpil moun vin travayè otonòm. Koperativ kredi yo te reponn ak bezwen manm ak kominote yo a nan ofri prè pou biznis.

"Ti biznis yo se te kolòn vètebral ekoomi eta nou an depi lontan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a se yon lòt siy angajman nou pou ranfòse biznis Main Street yo ak ankouraje lespri antreprenè san parèy Nouyòkè yo".

Eta New York mete yon depo pou menm montan prè ki fèt tankou prè patisipan yo nan Pwogram Depo Konekte a jwenn epi genyen mwens enterè sou depo a, ki pèmèt antite k ap prete lòt la transfere ekonomi sou to enterè a bay moun k ap fè prè a. Nan fen manda kat ane asistans pou Depo Konekte a, koperativ kredi a retounen depo a bay Eta New York.

Avèk fòtin ekonomik ak travay Eta a ki repoze sou siksè ti biznis, li vin pi klè ke ti biznis yo dwe gen pi gwo aksè ak kapital atravè yon pi gwo evantay pretè (k ap prete lòt). Depi konsepsyon li, koperativ kredi yo te konble yon nich enpòtan nan sèvi kominote yo ke bank komèsyal yo pa byen sèvi. Plis pase 700 koperativ kredi atravè eta a jwe yon wòl entegral nan sèvi bezwen finansye 3.5 milyon Nouyòkè. Koperativ kredi yo te kreye kòm yon altènativ san bi likratif pou lòt enstitisyon finansye yo prensipalman akòz moun nan klas ouvriye yo te jwenn refi pou fè biznis atravè ELDP ki se yon ekstansyon natirèl misyon koperativ kredi a.

"Pandan twò lontan, anpil kote nan Eta New York te gen mank sèvis bankè, yo te bezwen bon atansyon pou ede yo grandi", **Senatè James Sanders Jr. te deklare.** "Nan siyen pwojè lwa sa a, Gouvènè a ap libere pouvwa koperativ kredi yo pou ede

moun ki pa jwenn sèvis bankè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a ki sipòte kominote ki merite men ki pa jwenn sèvis bankè".

"Mwen ta renmen remèsye kolèg mwen ak Esponnsò Sena a, Senatè Sanders, dèske li rekonèt nesosite pou lejislasyon enpòtan sa a", **Manm Asanble Taylor Darling te deklare.** "Enstitisyon bankè tradisyonèl yo toujou genyen anpil mank kapital espesyalman lè sa gen pou wè ak moun ki jwenn prè biznis. Pèmèt koperativ kredi yo patisipe kounye a nan pwogram Excelsior Link lan ki fè pwogram lan vin pi aksesib pou Nouyòkè nou yo k ap travay di - espesyalman pwopriyetè ti biznis nou yo, ki bezwen sipò nou kounye plis ke jamè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li ogmante nivo jwèt la lè siyen pwojè lwa sa a pou tounen lwa. Toujou Pi Wo (Ever Upward)."

###

Lèt nou vèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418